

JILID I
KANGGE KELAS X
SMA/ MA/ SMK

Yogya Basa 1

KARIPTA DENING

TIM PENYUSUN BUKU AJAR BAHASA JAWA
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
TAHUN 2009



YOGYA BASA 1

JILID I KANGGE KELAS X
SMA/ AMK/ MA



KARIPTA DENING

TIM PENYUSUN BUKU AJAR BAHASA JAWA
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
TAHUN 2009

TIM PENYUSUN BUKU AJAR BAHASA JAWA
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA

PANGRIPTA

Ketua :

Prof. Dr. Suharti

Anggota:

Prof. Dr. Endang Nurhayati

Siti Mulyani, M.Hum

Kuswa Endah, M.Pd

Suwardi, M.Hum

Mulyana, M.Hum

Drs. Afendy Widayat

Nurhidayati, S.Pd

EDITOR

Sutrisna Wibawa, M.Pd

✓ Sri Harti Wdyastuti, M.Hum

Hesti Mulyani, M.Hum

Venny Indria Ekowati, S.Pd

PRAWACANA

Puji Syukur dhumateng Allah SWT ingkang sampun paring pepajar, saengga sampun kalampahan dipunwontenaken buku *Yogya Basa* jilid I kangge Kelas X SMA, MA, saha SMK, ingkang kaserat dening Tim Penyusun Buku Ajar Bahasa Jawa Jurusan PBD FBS UNY. Buku punika sinartan Standar Kompetensi saha Kompetensi Dasar kanthi paugeran Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan (KTSP). Buku punika mugi-mugi saged nregengaken jagating seserapan ngengingi basa, sastra, saha budaya Jawi turarap siswa ing Pawiyatan Madya wonten kukuban Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta.

Jumbuh kaliyan kabetahan ing piwucalan basa Jawi, buku punika nengenaken sekawan keprigelan inggih punika nyemak, wicara, maos saha nyerat, ingkang mujudaken satunggaling rerangken kagem nyawisaken wucalan tumrap para siswa anggenipun ngangsu kawruh magepokan kaliyan olah basa, sastra saha budaya Jawi.

Awit saking punika, Dinas Pendidikan, Pemuda, dan Olahraga Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta ngaturaken agenging panuwun dhumateng Tim Pangripta, ing pangajab mugi-mugi kanthi dipunterbitaken buku *Yogya Basa* Jilid I punika saget mupangati, mliginipun kangge para siswa wonten ing Pawiyatan Luhur.

Ngayogyakarta, November 2009

Kepala Dinas Pendidikan, Pemuda, dan Olahraga Provinsi DIY



Prof. Suwarsih Madya, Ph. D

NIP. 19520715 197703 2 002

PURWAKA

Buku *Yogya Basa I* menika sekawit kaserat adhedhasar kurikulum KBK, namung gegandhengan kaliyan ewahing kurikulum KBK dhateng kurikulum KTSP, pramila buku kala wau lajeng kaewahi kaslarasaken kaliyan kurikulum KTSP. Awit saking menika materi saperangan taksih sami ananging cak-cakanipun sampun kajumbuhaken kaliyan KTSP. Ing salajengipun buku menika kaserat kanthi pangajab para siswa SMA/SMK/MA pikantuk kawruh bab basa, sastra, saha budaya Jawi ingkang slaras kaliyan kabetahaning sekolah saha masyarakat sakiwa tengenipun. Ing salajengipun buku menika saged ndayani trampilipun para siswa ngginakaken basa Jawi sinerat menapa dene lesan ing sadhengah papan, wekdal, lingkungan, saha kawontenan kanthi leres saha trep. Kanthi kawruh basa, sastra, tuwin budaya Jawi sarta trampilipun ngecakaken, kaajab para siswa gadhah raos handarbeni kabudayanipun ingkang wusananipun nuwuhaken greget kepengin ngopeni saha ngrembakakaken basa, sastra, saha budaya Jawi, saengga ancasing wulangan basa Jawi minangka *muatan local wajib* saged kapunwujudaken.

Buku *Yogya Basa I* saged wujud awit panyengkuyung saking Dinas Pendidikan Propinsi Daerah Istimewa Yogyakarta, bebadan swasta, menapa dene pamarintah sarta pandhemen ingkang kagungan kawigatosan dhateng basa, sastra, saha budaya Jawi. Awit saking menika Tim Penyusun Buku Ajar Bahasa Jawa ngaturaken agunging panuwun dhumateng:

1. Gubernur Daerah Istimewa Yogyakarta
2. Kepala Dinas Pendidikan dan Olah Raga Propinsi Daerah Istimewa Yogyakarta
3. Dekan Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta
4. Kepala Dinas Dikpora Kabupaten Sleman, Kulon Progo, Bantul, Gunung Kidul, saha Kota Yogyakarta
5. Tim Pengembang Kurikulum Dinas Dikpora Propinsi Daerah Istimewa Yogyakarta
6. Ketua MGMP Bahasa Jawa SLTA Kabupaten Sleman, Kulon Progo, Bantul, Gunung Kidul, saha Kota Yogyakarta, saha pihak sarta bebadan sanes ingkang boten saged kasebadaken, mugi amal kasaenan panjengan sadaya pinaringan lelintu ingkang samurwat saking Gusti Allah SWT, nuwun.

Wusananing atur, keparenga para winasis suka penget saha panyaruwe, menapa dene sesuluh amrih saening buku menika saengga langkung laras kaliyan kabetahaning pawiyatan.

Yogyakarta,

2009

Tim Penyusun

DAFTAR ISI

PRAWACANA	iii
PURWAKA	iv
DAFTAR ISI	v
Wulangan 1 Pendhidhikan	1
I. Nyemak	1
II. Wicara	3
III. Maos	5
IV. Nyerat	7
Wulangan 2 Pasrawungan Remaja	9
I. Nyemak	9
II. Wicara	10
III. Maos	11
IV. Nyerat	12
Wulangan 3 Crita Wayang	13
I. Nyemak	13
II. Wicara	15
III. Maos	16
IV. Nyerat	19
Wulangan 4 Tokoh	21
I. Nyemak	21
II. Wicara	24
III. Maos	27
IV. Nyerat	31

Wulangan 5 Pariwisata	33
I. Nyemak	33
II. Wicara	36
III. Maos	37
IV. Nyerat	39
Wulangan 6 Tradhisi	41
I. Nyemak	41
II. Wicara	45
III. Maos	46
IV. Nyerat	48
Wulangan 7 Budi Pekerti	51
I. Nyemak	51
II. Wicara	57
III. Maos	58
IV. Nyerat	60
Wulangan 8 Politik	61
I. Nyemak	61
II. Wicara	63
III. Maos	65
IV. Nyerat	67

WULANGAN 1 PENDHIDHIKAN

I. NYEMAK

Standar Kompetensi	: Mampu memahami berbagai ragam wacana lisan tentang bahasa, sastra, dalam kerangka budaya Jawa melalui menyimak cerita atau informasi dari berbagai media.
Kompetensi Dasar	: Memahami cerita atau berita yang dibacakan atau melalui berbagai media.

- A. Siswa nyemak waosan ingkang kawaos déning guru utawi saking siaran radio/ televisi basa Jawi ingkang ngrembag bab pendhidhikan sacara langsung utawi rekaman ingkang sampun katemtokaken déning guru. Tuladha bahan simakan ingkang ngrembag bab pendhidhikan

Njaga Lathi

Ing madyaning pasrawungan, wis mesthi lathi kudu tansah kajaga. Kita bisaa padha ngati-ati, aja nganti lathi ngetokaké ukara sing bisa marakaké salah tampa. Ana sawijining paribasan kang tansah ngèlingaké manungsa, yaiku: *Mulutmu Harimaumu, Ajining Dhiri Dumunung ing Lathi*. Kuwi ndadèkaké pribadhi sing resik lair batin. Ing pasrawungan, akèh wong sing pinter omong, pinter pidhato, tansah *eksis* ing sadhengah papan. Malah ana kursus pranata adicara (*MC= master of ceremony*) kang ora liya supaya anggoné ngomong ora grusa-grusu, apamanèh yèn matur karo wong tuwa, kudu sing alus swarané, kepénak dirungokaké déning liyan. Njaga lathi, rasa-rasané tembung iki sepélé, nanging uga akèh maknané.

Mula, kadang remaja sing ngati-ati ing pasrawungan. Omong saperluné waé, iku luwih apik tinimbang akèh omong nanging mung nggosip kang tundhoné marakaké lara ati. Srawung ing tangga teparo lan kanca iku becik, tambah sedulur, lan tambah wawasan, nanging ing kéné kudu sing pinter anggoné *membawa diri*.

Membawa diri sing becik iku kepriyé? Yaiku tansah empan papan. Menawa matur lan nyuwun marang Bapak Ibu, mesthiné ya ora grusa-grusu. Béda lho menawa ditandhingaké yèn omong karo kanca sabarakané awaké dhéwé. Kuwi ora ateges yèn karo kanca banjur sakepénaké, nanging ngadhepi wong tuwa lan kanca wis mesthi béda. Ana unèn-unèn ing kabudayan Jawa: *Aja Cedhak Kebo Gupak*, tegesé, sing pinter anggoné srawung, sebab sethithik akèh kanca srawung sing dipilih iku kudu *bernilai positif*. Wong sing srawung karo kanca sing seneng nggunakaké Narkoba, mesthi bakal ketularan. Srawung kang bener, milih kanca sing nduwèni bakat positif, bisa sing hobiné padha, upama: Seneng Voli, tundhoné bisa mbentuk tim kanggo latihan bareng, tandhing antar RT/ RW.

Muga-muga apa sing diomongaké iki, bisaa dadi tetimbangan kaya ngapa caraning njaga lathi ing pasrawungan iku. Sumangga.

(Sumarnie, *Djaka Lodang* No. 07/ 003: 42)